

Patient Education

Fason pou anpeche yon maladi trapan gaye

You must carefully read the "Consumer Information Use and Disclaimer" below in order to understand and correctly use this information

Apwopo sijè sa a

Maladi ki gaye fasil te toujou egziste. Pafwa, se moun ki genyen jan de maladi sa a ki gaye l bay lòt moun. Pafwa, se bèt ki gaye l bay moun. Gen lòt lè jan de maladi sa yo gaye atravè mikwòb ki nan dlo, nan tè, nan manje oswa nan lè.

Gen vaksen pou evite oswa pou kontwòle kèk maladi, tankou lawoujòl. Nan lòt ka, pa gen vaksen ni medikaman pou trete maladi a. Se poutèt sa li enpòtan pou anpeche maladi yo gaye.

Jeneral


Gouvènman ak lopital yo ka pran kèk mezi pou separe moun yo e pou limite mouvman yo. Chak mezi jwe yon wòl diferan pou anpeche maladi a gaye oswa pou fè l gaye mwens.

- Izolasyon
 - Yo sèvi avè l lè moun nan deja malad.
 - Li ka fèt lakay oubyen li ka fèt nan yon lopital oswa nan yon klinik.
 - An jeneral, moun ki malad la separe ak lòt moun.
 - Lòt moun yo gendwa mete gan, kach-nen, linèt ak yon rad lopital lè y ap pran swen w.
 - Kèk chanm lopital gen yon sistèm sikilasyon lè espesyal pou anpeche enfeksyon an gaye.
 - Gen kèk ekipman yo gendwa kete apre yo itilize yo.
- Karantèn
 - Yo sèvi avè l pou separe moun ki te ekspozè men ki poko malad ak moun ki an sante.
 - Li ka fèt lakay oubyen yon kote ki chwazi pou sa.
 - Ofisyèl sante yo genswa mande w tcheke tanperati w epi fè yo konnen si w gen sentòm.
- Distansyasyon sosyal
 - Li la pou anpeche moun ki an sante yo gen yon kontak sere youn ak lòt. Sa vle di kenbe yon distans omwen 6 pye (1,8 mètr) ak lòt moun.

- Lekòl yo ak konpayi yo gendwa fèmen oswa yo gendwa fè moun yo etidye oswa travay lakay yo.
- Yo gendwa anile evènman sosyal yo. Kèk magazen, restoran, djim, sinema, elatriye ka fèmen pou pwoteje piblik la.
- Itilizasyon baryè pou separe w ak travayè yo.


Image Filename

Lavaj men



Fwote pandan
20 segonn

Dezenfeksyon men



Rete an sante



Ki sa w ka fè pou anpeche pwoblèm sante sa a rive?

- Lave men w souvan avèk dlo ak savon pandan omwen 20 segonn, sitou apre w touse oswa estènen. Itilize yon dezenfektan pou men ki gen omwen 60 pousan alkòl ladan l si w pa ka jwenn dlo ak savon. Fwote men w avèk dezenfektan an pandan omwen 20 segonn.
- Pa mete men w nan nen w, nan je w oswa nan bouch ou. Leplisouvan, se atravè zòn sa yo mikwòb yo antre nan kò a.
- Evite pataje sèvyèt, mouchwa, manje oswa bwason ak moun ki malad.
- Evite kote ki chaje ak moun. Eseye rete lakay ou toutotan sa posib. Si w oblije rete ak yon gwoup moun, lave men w souvan. Eseye kenbe yon distans omwen 6 pye (1,8 mètr) ak lòt moun. Evite bay moun lamèn, akolad oswa papach.
- Pran yon piki kont grip la chak ane.

Pou anpeche mikwòb yo gaye nan kay la oswa lòt kote:

- Si w malad, rete lakay ou. Rete nan yon chanm apa si sa posib. Souvan, ou gaye mikwòb depi plizyè jou anvan ou kòmanse gen sentòm e ou ka kontinye fè sa toutotan ou toujou gen sentòm.
- Kouvri bouch ou ak nen w ak yon mouchwa lè w ap touse oswa estènen. Ou ka touse nan koud ou tou. Toujou jete mouchwa yo nan bwat fatra epi lave men w apre w fin sèvi ak yon mouchwa.
- Siye tout sifas nan kizin nan, lavabo yo, tiyo yo, pwaye pòt yo, telefòn yo, telekòmand yo ak switch yo avèk yon pwodui netwayaj ki gen klowòks oswa ak yon lòt dezenfektan pou kenbe kay ou pwòp. Lave veso yo nan lav-vesèl la oswa lave yo nan yon dlo cho ki gen savon ladan l. Gen anpil mikwòb ki ka viv sou sifas solid yo pou 24 èdtan oswa pou plis tan toujou.

Konsèy ki itil

Rete an karantèn ka ba w strès. Men kèk konsèy ki ka ede w sipòte sa.

- Anvan karantèn nan kòmanse, mete sou pye yon plan. Fè preparasyon pou omwen 2 semèn lakay ou avèk fanmi w ak ti bèt ou yo.
- Sere ase manje ak dlo pou tout moun.
- Veye pou gen yon tèmomèt ki travay ak medikaman pou bese lavyèf tankou asetaminofèn oswa ibipwofèn.
- Prepare anpil klinèks, dezenfektan pou men ak pwodui netwayaj.
- Veye pou gen yon kantite medikaman sou preskripsyon ki sifi pou chak moun pou plizyè semèn. Reflechi sou bagay tankou travay, lekòl ak gadri lè w ap prepare plan w. Ou ka gen pou fè aktivite nòmal ou yo lakay ou, tankou travay oswa lekòl.
- Planifye fason ou pral kenbe kontak ak fanmi w ak zanmi w yo pandan peryòd sa a.
- Chwazi yon sous enfòmasyon ou ka fè konfyans sou karantèn nan. Esplike pitit ou yo sitiyasyon an yon fason ki senp.
- Reflechi sou fason ou t ap pran swen yon manm fanmi w si l ta malad. Èske w ap kapab separe l ak rès fanmi an nan kay la?
- Si w bezwen sa, mande fanmi w ak zanmi w yo èd ak sipò pandan peryòd sa a ki bay anpil strès.

Itilizasyon ak dechaj responsablite konsènan enfòmasyon konsomatè yo:

Enfòmasyon sa yo pa reprezante okenn konsèy medikal an patikilye, epitou yo pa ranplase enfòmasyon ou jwenn nan men pwofesyonèl sante w la. Yo se sèlman yon ti rezime enfòmasyon jeneral. Se PA tout enfòmasyon ki egziste sou kondisyon, maladi, blese, tè, pwosedi, tretman, terapi, enstriksyon pou egzeyat yon pasyan oswa chwa konsènan mòd devè ki gendwa aplike nan sitiyasyon pa w. Ou dwe pale avèk pwofesyonèl sante w la pou jwenn tout enfòmasyon ou bezwen sou sante w ak opsyon tretman ou genyen. Ou pa ta dwe itilize enfòmasyon sa yo pou deside si pou aksepte oswa si pou pa aksepte konsèy, enstriksyon oswa rekòmandasyon pwofesyonèl sante w la. Se sèl pwofesyonèl sante w la ki gen ase konesans ak fòmasyon pou ba w konsèy ki bon pou

ou. <https://www.wolterskluwer.com/en/know/clinical-effectiveness-terms>

Last Updated 4/13/22



© 2022 UpToDate, Inc. and its affiliates and/or licensors. All rights reserved.